

Tout fanmi ki elijib

Byenveni nan admisyon pwogram Summer Rising – Ouvèti madi 3 mas!

Chè fanmi,

Èske w gen yon elèv kindergarten rive 8yèm ane kounye a epi w ap chèche yon pwogram sennesof gratis pou ete a? Si wi, pwogram Summer Rising ka bon pou elèv ou a!

Pwogram Summer Rising se yon patenarya ant Lekòl Leta Vil Nouyòk (New York City Public Schools, NYCPS) ak Depatman Jenès ak Devlopman Kominotè (Department of Youth and Community Development, DYCD) ki ofri elèv pwogram akademik ak ranfòsman pou jiska 8èdtan pa jou sou yon peryòd 6-7 semèn.

Men kèk dat enpòtan ou ta dwe okouran pandan w ap avanse nan pwosesis la:

- **Jedi 3 mas 2026:** Aplikasyon pou Summer Rising lan ap ouvri
- **Vandredi 27 mas 2026:** Aplikasyon pou Summer Rising lan ap fèmen
- **Madi 21 avril 2026:** Piblikasyon rezilta Summer Rising ak ouvèti lisdatant
- **Madi 5 mai 2026:** Delè pou bay repons sou òf Summer Rising

Menmsi aplikasyon an poko ouvri, bagay ki pi enpòtan ou ka fè kounye a se asire w kont MySchools ou a ap fonksyone kòrèkteman.

Ou pa gen yon kont? Kontakte lekòl pitit ou a ye kounye a pou jwenn nimewo ID elèv li a ak kòd kreyasyon kont li an. Depi w fin gen enfòmasyon sa yo ou ka kreye yon kont (si w poko gen yonn) nan [Myschools](#) epi ajoute pitit ou a.

Si w deja gen yon kont MySchools, ou pa bezwen kreye yon nouvo kont. Si w wè yon kazye ble ki di ou bezwen verifye enfòmasyon pitit ou a, tanpri kontakte lekòl pitit ou a pou jwenn sipò.

Kòman pou ajoute pitit ou a nan kont ou a:

1. Sou dashboard ou a, klike sou "Ajoute yon timoun (Add a child)".
2. Chwazi opsyon ki di “Moun ki abite Vil Nouyòk k ap aplike nan lekòl presegondè, segondè, pwogram Gifted & Talented (G&T) klas 1-4yèm ane oswa pwogram **Summer Rising**” (“NYC residents applying to middle school, high school, Grades 1-4 Gifted & Talented, or **Summer Rising** programs”).
3. Antre nimewo ID 9 chif pitit ou a ak kòd inik kreyasyon kont ou a (sa diferan avèk kòd NYCSA ou a). Ou ka kontakte lekòl ou a pou mande enfòmasyon sa a. Depi w fin ranpli sa a, ou pre pou lè aplikasyon an ouvri!

Si w ap aplike pou plis pase yon timoun ou ka ajoute yo tout sou menm kont MySchools la! Ou pa bezwen kont apa pou pitit ou yo.

Ou gen kesyon? Pale avèk konseye pedagojik ou a oswa ale sou sitwèb la nan schools.nyc.gov/SummerRising.

Bòn chans,
Ekip admisyon pwogram Summer Rising
Lekòl Leta Vil Nouyòk

Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Asire w mete non w sou lis imèl admisyon pwogram Summer Rising nou an nan schools.nyc.gov/SignUp. Si w vle retire non w sou lis pou pa resevwa mesaj sou admisyon Summer Rising, tanpri klike [la a](#).

.